

Мæ ном у Таму. Мæ мыггаг у Томайтæй



Æз цæрын Дзæуджыхъæуы.




Мæ дада æмæ нана цæрынц Хæтæлдоны.



**Мæ фыды æфсымæр дæр цæры йæ бинонтимæ уым.**



Мах арæх вæййæм  Хæтæлдоны.




**Тынг ныл фæцин кæнынц нæ хиуæттæ.**



**Дада нырма у цæрдæг.Уый хæдзары куыстытæ фæкæны, зилы фосмæ.**









**Ис сæм бирæ фос: хъуццытæ, фыстæ, сæгътæ æмæ бæхтæ.**



**Дада зоны бирæ аргъæуттæ.**
**Мах уарзæм дадамæ хъусын.**



**Нана дæр  у сæрæн сылгоймаг.**
**Фермæйы кусы хъугдуцæгæй.**




**Арæх нын фæкæны хæрзад чъиритæ.**



**Ис ма сæм къæбыла Муртуз.**
**Къæбыла у худæг.**
**Æз йемæ фæхъазын.**



Хъæуы вæййы тынг хъæлдзæг.
Æз бирæ уарзын нана æмæ бабайы

- *Мæ ном у Таму. Мæ мыггаг у Томайтæй. Æз цæрын Дзæуджыхъæуы. Мæ дада æмæ нана цæрынц Хæтæлдоны. Мæ фыды æфсымæр дæр цæры йæ бинонтимæ уым. Мах арæх вæййæм Хæтæлдоны. Тынг ныл фæцин кæнынц нæ хиуæттæ. Дада нырма у цæрдæг.Уый хæдзары куыстытæ фæкæны, зилы фосмæ. Ис сæм бирæ фос: хъуццытæ, фыстæ, сæгъты æмæ бæхтæ. Дада зоны бирæ аргъæуттæ. Мах уарзæм дадамæ хъусын. Нана дæр у сæрæн сылгоймаг. Фермæйы кусы хъугдуцæгæй. Арæх нын фæкæны хæрзад чъиритæ. Ис ма сæм къæбыла Муртуз. Къæбыла у худæг. Æз йемæ фæхъазын. Хъæуы вæййы тынг хъæлдзæг.Æз бирæ уарзын нана æмæ бабайы.*

- ***1.Кæм цæры Таму?-…***
- ***2.Кæм цæрынц Тамуйы хæстæджытæ?-….***
- ***3.Цы фæкусы дада?-….***
- ***4.Кæм кусы нана?-….***
- ***5.Цы хуыйны къæбылайы ном?-….***
- ***6.Кæй уарзы бирæ Таму?-….***

- зонгæтæ
- *1.Тамуйæн хъæуы ис бирæ <*
- хæстæджытæ
- Фыййагдоны
- *2.Тамуйы хиуæттæ цæрынц<*
- Хæтæлдоны
- хъугдуцæгæй
- 3.Нана кусы<
- ахуыргæнæгæй
- цæрдæг
- *4.Дада у <*
- сæрæн